

## IMPORTANT LEGAL MATERIALS

Claimant ID #: <>barcode39<>

\*barcode39\* - UAA - <>SequenceNo<>

<>Name1>>  
<>Name2>>  
<>Name3>>  
<>Name4>>  
<>Address1>>  
<>Address2>>  
<>Address3>>  
<>City>> <>State>> <>Zip10>>  
<>CountryName>>

This document contains important information. Please have it translated immediately.	Questo documento contiene informazioni importanti. La preghiamo di tradurlo immediatamente.	এই দক্ষিণ কানুনটি অল্প সময়ের মধ্যে অবশ্যই অনুবাদ করা হবে।	ກະຊວງໄຄ້ງວາງ: ລາຍລະອຽດ ໃຫ້ມີຄວາມສຳເນົາຂອງລາຍລະອຽດ ໂດຍບໍ່ໄດ້ວັດທະນາ.	ÉksarenHmannUvB½t'mand¾sMxan; .	sUmbkERbvaCabnPan; .
В данном документе содержится важная информация. Вам необходимо срочно сделать перевод документа.	Este documento contém informações importantes. Por favor, traduzi-lo imediatamente.	본 문서에는 중요한 정보가 포함되어 있습니다. 본 문서를 즉시 번역하도록 하십시오.	Tài liệu này có chứa thông tin quan trọng.	Ce document contient des informations importantes. Veuillez le faire traduire au plus tôt.	
Este documento contiene información importante. Por favor, consiga una traducción inmediatamente.		□ □ □ □ □ □ □ □ □	□ □ □ □ □ □ □ □		
يونتحت هذه فقينولا بلع تامولمع فماه. جري اهتمجرت اروف.					
Docikman sa gen enfòmasyon enpòtan. Tanpri fe yon moun tradwi l touswit.					

**Nòt: Sa a se yon komunikasyon ofisyèl ki soti nan Rust Consulting, sèl administratè règleman otorize a. Fè atansyon ak frot.**

**Si ou resevwa yon komunikasyon sou règleman ke ou panse ki ka yon fwod, kontakte Rust Consulting nan (888) 562-1052 anvan ou bay yon enfòmasyon.**

pou: <>Name1>>

Kominikasyon sa a konsène yon règleman ant Biwo Pwokirè Jeneral de Massachusetts, Andrea Joy Campbell (AGO), Uber Technologies, Inc. (Uber) ak Lyft, Inc. (Lyft). Nou detèmine ke ou kalifye pou yon peman nan fon restitisyon règleman an. Ou pa bezwen antrepran okenn lòt aksyon pou resevwa peman ou.

E si mwen bezwen mete adrès mwen ajou oswa mwen vle konfime li?

Si ou vle mete ajou oswa konfime adrès kote peman ou an pral fèt la, ou ka fè sa nan www.UberLyftMASSAGOSettlement.com. Ou dwe mete adrès ou ajou sou sit entènèt la anvan 31 out 2025. Lè ou antre sou sit entènèt la epi ou eseye chanje adrès ou, l'ap mande w pou antre Kòd Aksè inik sa a: <>AccessCode>> ak kat denye chif nimewo sosyal ou (SSN) oubyen kat denye chif nimewo identifiksyon anplwayè a (EIN).

### Enfomasyon Jeneral

An 2020, Biwo Pwokirè Jeneral la (AGO) te entante yon aksyon an jistis kont Uber ak Lyft. Nan dat 27 jen 2024, Biwo Pokirè Jeneral la te siyen yon akò règleman ak Uber ak Lyft ki prevwa peman omwen 140 milyon dola bay chofè ki te tilize aplikasyon Uber ak Lyft yo pou transpòte pasaje nan Massachusetts ant 14 jiyè 2020 ak 2 jiyè 2024.

## Ki moun ki kalifye pou règleman an?

Si ou te resevwa komunikasyon sa a, nou detèmine ke ou gen dwa resevwa yon peman de \$<<EstimatedAward>> nan fon restitisyon règleman an. Espesyalman, kèk chofè ki te fè kous pou Uber ak/oswa Lyft ant 14 jiyè 2020 ak 2 jiyè 2024 pral resevwa peman yo.

## Ki aksyon mwen dwe antreprann?

**Ou pa bezwen fè anyen pou resevwa yon peman.** Ou pa bezwen depoze yon reklamasyon ni fè apèl a yon avoka pou ede w. Ou pa ta dwe peye pèsonn pou ede ou depoze yon reklamasyon oswa antreprann okenn aksyon konsènan peman sa a, epi ou pa bezwen bay okenn enfòmasyon pèsonèl (tankou nimewo kont labank ou).

AGO a mandate Rust Consulting, Inc., yon administratè règleman, pou voye komunikasyon sa a epi vèse peman yo bay chofè ki kalifye yo. AGO a etabli fòmil pou fason peman yo pral fèt epi administratè règleman an ap fè peman yo konfòmeman ak enstriksyon AGO a. Administratè règleman an ap voye tout peman yo nan apeprè 60 jou.

## Èske m ap gen pou m peye taks sou peman an?

Yo detèmine ke peman yo bay chofè Lyft ak Uber yo se ranbousman depans machin chofè yo te fè pandan yo ap kondui pou Lyft ak Uber epi montan ranbousman yo baze sou kilomèt reyèl yo te kondui. Kidonk, peman yo pa soumèt a okenn deklarasyon taks oswa retansyon. Si ou gen nenpòt kesyon konsènan enplikasyon taks peman ou an, tanpri konsilte ak pwofesyonèl taks ou.

## E si mwen te kondui pou Uber oswa Lyft ant 14 Jiyè 2020 ak 2 Jiyè 2024, men mwen pa t resevwa yon lèt nan men Rust?

Se pa tout chofè ki kalifye pou yon peman règleman. Se sèlman chofè ki te kondui plis pase okazyonèlman ki kalifye pou peman. Anplis sa, chofè ki gen yon salè ki depase salè minimòm nan apre dediksyon yo pa kalifye oswa benefisyé yon ranbousman ki enferyè a sa chofè ki te touche mwens yo. Si ou pa resevwa lèt sa a epi ou te demenaje oswa chanje adrès imel ou depi dènye fwa ou te kondui pou Uber oswa Lyft, ou ka kontakte Rust Consulting nan (888) 562-1052 pou jwenn plis enfòmasyon.

## Ki kote m ka jwenn plis enfòmasyon?

Ou ka jwenn plis enfòmasyon konsènan règleman sa a lè w vizite sitwèb AGO a: <https://www.mass.gov/info-details/uber-and-lyft-settlement-information-and-frequently-asked-questions>.

Ou ka kontakte Administratè Règleman an tou nan kowòdone ki anba a.

MA AG v Uber and Lyft Settlement Administrator  
C/O Rust Consulting, Inc. - 8875  
P.O. Box 2599  
Faribault, MN 55021-9599  
Toll Free Number: (888) 562-1052  
Website: [www.UberLyftMASSAGOSettlement.com](http://www.UberLyftMASSAGOSettlement.com)

DATE: 1 OUT 2025